

REGINPOEN LENGGANAN

SWARA-TAMA:

1 taoen	f 6,-	
1/2 "	f 3,-	njoewoen ka-
3 woelan	f 1,50	bajar roemijn.
Kénging mbajar saben woelan		

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja	f 36,-	
1/2 "	f 18,65	
1/4 "	f 9,75	
1/8 "	f 5,25	
Saladjengipoen: saben 1 cm ²	f 0,03	

sekedik - kedikipoen: f 1,50.

Kabar premili alit - alitan: f 1,-

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-san, oetawi dados lengganan, tepong rembag roemijn kalijan administratie.

GÈGÈRING DJAGAD.

"Fly over my City, little swallow, and tell me what you see there"—maboera ing sadoewoering negar-koe, manok sriti, lan kandakna apa sing kok soemoeroepi, makaten okara ingkang koela pranggoeli ing dongèngipoen Happy Prins.

Sapoenuka para maos koela atoeri midangetaken, koela badé ngegel ébahing djaman, horeging djagad, gègérana donja.

Réhné kita tijang Katoelik, mangga sami maboer dateng Sepanje roemijn, margitanah poenika tanah Kath. Poenapa soemerep kita ing rika?

Zamora lérèh, lan para najaka sutowatis noetoeti.

Sebab poenapa? Poenapa boten Zamora ingkang damel latee nghan-lad-halad, mbikak ginem sora, mengsaah wonteng nata?

Poenapa inggih boten Zamora ingkang ladjeng dados sesepoehing Répoeblik?

Poenika waoe sadaja nata.

Poenika waoe sadaja leres.

Nanging: Zamora Katoelik, lan ngengkoki katoelikipoen.

Mila sareng para wewakiling kawoela nampi oesoel ingkang badé dados artikel 3 ing Grondwet, ingkang ateges njelaki jén agama Katoelik-Room dados agamaning pradja Sepanjol: Zamora lérèh, najaka sutowatis noetoeti.

Lan Sepanje oegi netepaken: jén pakempalan Sarékat Jésoes boten kénging ngambah boemi Sepanje, sedaja warganipoen kedah medal saking laladan pradja Sepanje, sarta sadaja barang darbekipoen kadakoe dados méliking pradja.

Mila boten keladoeken jén koela moengel: donja horeg, donja gègér, boemi geter.

Sarékat Jésoes kakoeja-koeja poenika boten namoeng sapoenika kémawon lan boten namoeng wonten Sepanje kémawon.

Manawi pandjenganing maos babadipoen pakempalan poenika, njata tradjangipoen kentjeng, kados pradjoerit: ing poendi - poendi saged angsal papan saé, nanging ing poendi² inggih kerek angsal roebéda.

Poenapa para maos kesoepén, bilih Sarékat Jésoes sampoen naté kasetop, kasowak atas saking asma-nipoen kangdjeng Santo Bapa kantjungan sarana Nawala, . . .

nanging ladjeng kaidinan madeg malih?

Wonten Prantjis, Portegal, Sarékat Jésoes sampoen naté katoendoen, nanging: wangsoel malih.

Sinten soemerep bilih Sarékat Jésoes sapoenika kasingkang - singkang wonten Sepanje, mangké sa-kedap badé wangsoel malih?

Wonten Japan mentas kémawon aksi Katoelik katingal ébaripoen (mirsanana: Wewahan), djeboel sami saminggoe dateng kabar; wonten Sepanje gotrah Katoelik kaplèpét, toer wonten „tanah Katoelik“!

Kala Sarékat Jésoes katoendoeng saking Sepanje (diaman kina), wonten Kardinal ngandika: akoe kok singkang - singkang kaja sona, nanging delengen, akoe arep pada bal kaja garoeda!

Lan njata, sanadjan Sarékat Jésoes kasoewak, mawi kakantjunganawala saking Room, nanging . . . dawoeh njowak boten saged mlebet dateng Roeslan mila Sarékat Jésoes ingrikoi boten pedjah.

Andjalari, sareng Sarékat Jésoes katedepaken kalian-madej malih: rikat kados garoeda njoep mlebet dateng tilas soesoh-soesohipoen malih, lan sapoenika . . . katoendoeng saking Sepanje!

Poenika ingkang nama horeging djaman!

Pengetan sawatawis: pakempalan Sarékat Jésoes, pakempalanpoen para ngoelama, maged kala taoen 1534 saking katiasanipoen Santo Ignasijos Lojola. Kasoewoer winter lan setya dateng Ngarsadalem Kg. Santo Bapa. Pangagajipoen apangkat: djéndral. Katoendoeng saking Portegal taoen 1759. Lan ka-

Dados: donjanipoen ramé Indo-

Praktis: donjanipoen ram

SAKING PAKEMPALAN.

Parepatan warga K. W. Medari tg. 2 October '31 mangang ing Standaardschool Medari.

Ingkang

warga	17	g. g. wonten
tameo	9	
kintoen stem	3	saderék 29

Parepatan dipoenwiwiti djam 3 sijang mawi adat Katolik.

Ingkang karembar:

I. Pamboek
II. Ngabsahaken notulen parepatan warga kapengker (notulen pinanggih absah).

III. Pitakéna saking best: K. W. ingkang maksoedipoen ngentjengaken tandangipoen sedérék ingkang kabehatan:

a perseccie: oep: damel karangan-karangan + ngoeroes koran-koran l.s.p.

b apostolaat des gebeds: ndjagi soepados warga apostolaat des gebeds adieg tampi apostolaat des gebedsbladjes lan adieg sembahjang.

c ngajoi oet: ndjagi madjenging sekolahán éstri.

d avondgezelchap: ndjagi sajoeck-roekoening kantja goeroe-goeroe missie sarana toewitinoewi sawoelen sapisan.

e propagada bab toedjoenipoen pakempalan K. W. wonten ing doesoen-oetawi ing dalemipoen goeroe énggal.

IV. Rerum - Novaram + propaganda: ingkang toedjoenipoen soepados sedérék Katoek saged ngempal - sajoeck - roekoek.

V. mbangoen Commissie December (saged madeg - kaprasrahaken sadérék 5).

VI. mbangoen Commissie P. Laja (saged madeg - kaprasrahaken sadérék 7).

VII. Oesoel pangreh a njokani dana dateng „protés Lasem“ (kamtapi).

b njokani kapital Commissie December (kamtapi).

c nemtokaken wekdal kangé Conferentie goeroe², missie (kaoeetoe setaen sapisan doemawah woelan saspoenipoen nge-

dalaikan lan nampi moerid énggal; soepados saged mangertos madjeng oetawi moendoering selahan missie.

d nemtokaken wekdal kangé Recollectie (kaoeetoe Minggoe kaping tiga woelan November).

damel. tegesipoen: pandamelaning warga kaedoem; warga a kabar Katoelik, warga b kabar oemoem, warga c babagan ékonomi lan sapiroeroetipoen.

Dados saged oegi Sw. Tm. tampil soembangan babagan ékonomi, ingkang asal saking priajangkang mligi miwiti njinaoe babagan poenika.

Lan amblesipoen sadérék Andaja kados dédè barang-barang toemrap rubrieking Sw. Tm. babagan ékonomi. Toer kasemboeh sadérék O. D. Kühr inggih tanggap ing semoe!

Semanter pamboekan film koela.

Déné koela mlebet ing C. C. Djakarta koewadjiban koela inggih boten éwah, adieg namoeng: milm!

Oentoeng besar toemrap koela, margi tanpa santoen handleiding! wontenipoen namoeng kedah adieg dolan lan masang mripat miwah koeping.

Lan kala koela milm tanggal 9 October waoe boten nginten jén linggib dijadjar kalijan sadérék H. J. Patrem.

Poenapa sadérék poenika oegi adieg badé milm, kilap. Namoeng film - ipoen sadérék waoe afdrukkipoen radi te scherp, andjalari soelap jén dipointengali, liripoen: katoet dados potjapan kados poen Tom. Sapa ta si Patrem koewi, sapa ta siek Tom koewi, film-é kok ngétej timen.

Mila sadérék Patrem, mangga lens-ipoen radi dipoen-éwah!

(Gemeente). Temboeng poenika wonten lambéning kantja Betawi asring dados: mhén-téq, andjalari kala Tom mireng sapisanan Tom boten njertos babar-pisan; apa ta mhén-téq koewi? dijebel "ge-meente". O-o-o, tobias, ora ngira akeo!

Gemeente Betawi pakarjanipoen kalih ingkang méllok ketingal manah saëstoe dateng kantja kampoeng: margi lan pompa.

Margi-margi kampoeng sadaja kaangkah ka-aspal, lan jén saged kademel tjekek montor.

Jén margi alit sanget, tengah katanan blébékan cement wetawis 40 centi méter wijaripoen. Dados jén mangsa djawah apes wonten papan 40 centi ingkang kalis ing bletok.

Kalén dipoenresiki, dipoentembok oetawi cement, kretek dipoensentosani, margi alit pinggir kalén kampingan pager kawat!

Kadang-kadang kalén katoetoep cement, perloe ngénggil kangé mergi.

Boten kados tlatah Semarang! Pingit dipoeneloes-eloses, doemeh kambah montor, Losari, wonten nglebet kita Ambarawa séla sapipisan pating djenggeleg wonten mergi!

Kilap sapoenika jén sampoenkamanah.

Kala Tom wonten Ambarawa, mergi Losari waoe ing batos kasmékaken mergi dateng Calvarie, saking awonipoen!

Bab pompa.

Wah poenika saja nglegakaken. Brandweer Djakarta njata djempol. Mrabot, gagah, sembada. Montor pompa pijambak, montor pirantos pijambak, montor kangé pengageng brandweer (montor limrah) pijambak.

Mila njenengaken ningali tandangipoen kantja baadweer Betawi. Rikat, ngatos-atos sembada.

Ing wasana rembag-rembag telas, parepatan katoetoep djam 6.40 kanti wiloedjeng.

Verslaggever.

C. C. Jakarta.

Saking pangoedining prijantoon sawatasiswa, ing Djakarta wiwit nalika tanggal 5 woelen October '31 kepengker poenika saged madeg club kangé correspondent, lan kanamakaken: "Correspondent Club Djakarta".

I. Wondéne mengah ingkang dados toe-djoening C. C. Jakarta waoe: a. ngoejoeb-aken maos koran, akanti wragad ingkang mirah.

b. Toeloeng - tinoeloeng lan anggladi ngarang wonten inq serat-sert kabar oemoem.

II. Kangé serat-sert kabar ingkang badé kawaos, inggih poenika dana saking para warga. Lan sanadjan ing nalika poenika warga saweg sakedik sanget, nging dana-nipoen serat kabar kados sampoen kenging kawitjal, ngesepakan, ngremenaken, inggih poenika.

De Standaard, De Koerier, Bataviaasch Nieuwsblad, Vaderlandsche Club, West Java Courant, Swara Tama, Soeara Katholiek, Zaman Baroe, Bintang Pagi, Maha Barata, Central Katholiek, Giri Santa, Soeara Kadaster, Soeara Oemoem, Soeara Merdeka, Persatoean Sekerdja, Persatoean Indonesia, Sedya Tama, Bendée, Lan kedjawi poenika C. C. Jakarta oegi taksih gadah pandhangka haru warti kalih.

Lha, bênding poenapa inggih, C. C. Djakarta saged ngrasaaken, netjapaken, saking mantji negari?

III. Soepados langkoeng bérés, ing C. C. waoe dipoen wontenaken pangedoming padamelan. Ing sapoenanipoen saweg wonten péranan kados ing ngandap poenika:

a Kabar kota, pangesangan.

b Economie, padagangan.

c Politiek National.

d Basa ngamantja.

IV. Kangé pangreh ing sawatasiswa wekdal: Pangarsa sadérék: P. Soediro.

Panitra lan hartaka sadérék: A. J. Soegardja.

Djagara sadérék: Ph. Baskoel.

Déné padamelanipoen pangreh waoe kaitoeloengan dening sadérék: A. S. Hardjo-sowito.

Mas rara S.

Nèng - nèng - nèng - nèng ... × 100 langkoeng.

"é. Tom, er is brand!"

"waar mevrouw?"

"weet niet, ik zal even opbellen". (Mevrouw nelefoon).

"waar meneer?"

("Kramat!")

"Kramat Tom, ga gauw!"

Tom tjantjoet, njéngklak piet, samekta sedajanipoen, kleresan dèrèng telat. Brandweer lan polisi njamboet damel sareng. Montor pompa ngédjèg. Störming blereng. Lampoe élékrisch pating tjlorot. Grijja sapoen karebahaken. Tom riboet moeter film. Kedosok mriki, mrikoe, kesikoet, ketrondjol, njandoeng slang pompa, boten kasoepèn ngglandang piet.

Sedaja kelampahan tjoekat, tata. Tijang omong pating tjeleboeng.

Kampoeng ngrikoe sakala dados pasar gambir dadakan, saking katabing tijang.

Ingkang moengel tèng-tèng-waoe montor brandweer. Saben mlampah, mantoek oetawit mangkat, tengara tèng-tèng temtoe moengel, lan kaleresan, pondokanipoen Tom adakan mergi brandweer.

Lan kangé njalangi kaperloean, montor brandweer kerep troetoesan oeroet kampoeng, mrabot sapoen-gawa dalah pirantosipoen. Sapisan njobi mergi, kaping kalih ngoeliknakaken papan - papan ingkang angèl-angèl.

Tradjangipoen gemeente njenjaé kampoeng poenika njata tindak waskita.

Jén kantja kampoeng marem, seneng, negari temtoe tentrem, sepi penggroendel; pengageng dados djendem; polisi, resisir soeda pakarjanipoen.

Boten kados ing gewest oetawi gemeente ingkang kirang waskita: sawenéhing papan kaelos-eloses ngantos glimit, sawenéh boten kataloh!

Mekaten poenika kirang waspada, kenging kabasakaken nando penggroendel lan nglempakken raos boten nrimah. Jén tjléngan waoe metjah mblahéni.

Mila tradjangipoen Burgemeester Meyroos njepeng gemeente kenging dados katja benggala, abang-abang ing kampoeng roemaos èntèng, margi sepi bletok lan roemaos tanah ketenggan koempa!

(Pakempalan). P.P.K.D. ingkang soewaoe saweg gadah voorloopig-bestuut, sapoenika tetep gadah bestuur. Anéhipoen tijangipoen ing bestuut sapoenika poenika wiwit kala comité lan voorloopig-bestuurt popog kémawon, boten éwah.

Bokmanawi taoen 1932 badé wonten tatanan énggal.

Parepatan ingkang mentas kapekken penika (11 October) nge-sahaken Afdeelings-Reglement lan ndoedah angsal - angsal Congres. Rembag kepjek.

Parepatan woelan November pa-ngréhipoan soeka kabar badé ngrembag Statuten.

Ada badé damel bibliothek tak-sih dados raosan sideman.

(R.K.D.B.) réhné Djakarta sapoenika wonten pakempalan sociaal lan politiek, wonten raosan, perloe

bilih wonten lezing ingkang mbé-dak-mbédakken pakempalan warni kalih waoe; lan manoet gotékipoen R. K. D. B. ingkang badé ngadjangi prakwas poenika.

Lan grengsengipoen Pangroek-laja badé dipoentemenani.

Bab Wanita Katoelik sampoen dangee dados raosan, namoeng kabar ingkang matem, Tom dèrèng angsal.

Kados bab poenika collega Patrem langkoeng damang. Tjobi sadérék, katemenanana, nanging émoet, lenséng aksara!

Taksih katah goeloengan film koela, nanging sapoenika sampoen djam sawelas, mila kepeksa koela masang.

THE END. De Regisseur
(C. C. Jacatra) Tom

KODAK MOENTILAN.

Saderék Poepoes-Tjindé saweg alangan, koela kapoerih njodak, angsal-angsalanipoen: Sasana soeka.

Poenika satoenggiling soes ing Moentilan ingkang noedjoe dateng manoenggiling bangsa lan golongan, djer warganipoen: a. Djawatan golongan warni - warni, b. Tiong Hoa makanan oegi, c. Waland.

Kelampanahan kala tanggal 10 - 10 - '31 ing soes waoe kwontenaken pertandingan main bolah, ingkang madjeng: saking S. Soeka mengah Ho Hie Kwin klub main bolah. K. W. oegi dipoenolemi. — Ingkang Boepati ing Magelang oegi rawoeh. — Pertandingan éstoë ramé. Kalangan katingal regeng, ingkang ngingali seségi. Tjampoeing pertandingan dipoensegakeun mawi klenéngan: hamewahi animo.

Jén dipoenatipatisken ing kalangan ngrikoe, katingal srawoengan golong - golongan maremaken: sami - sami, roekoek, mad-sinamadan, móng-ingemong, toer nglengahai djamak, oegi kalijan golongan - golongan sanés, minggahipoen dateng oegar bangsa. — SIRA TRESNA MARANG PAPADANIRA.

Pertandingan waoe nadjan wonten ingkang kawon, katingal sami leganan manah. Ingkang S. Soeka saged njandak toedjoenipoen. (Roekoek: boten namoeng kalijan sadérék tjejak, oegi kalijan golongan - golongan sanés, minggahipoen dateng oegar bangsa. — SIRA TRESNA MARANG PAPADANIRA.)

Mangga!! — Mangga!!

SINTEN

ingkang dèrèng dados CONTRIBUANT

V. L. S.

énggal koela atoeri loemebet.

Penningmeester V. L. S.

2e. Convict.

Moentilan N. I. S.

Prop. vergadering P. P. P. H.

P. P. P. B., P. P. B., P. P. P. H. — Kala 10-10-'31 P. P. P. H. ngwontenaken prop. vergadering. Oetoesan saking H. B. P. P. P. H. Ngajodja, nerangaken wiwitipoen wonten P. P. P. B. gandeng lan P. P. B. lérégipoen malih dateng P. P. P. H. — Madegipoen P. P. P. B. margi saking moentaping manahipoen sadérék poenggawa pagantosan ingkang kaanggep batoer (1912). — P. Pag. bangsa Walandi ladeng damei P. P. B. (istinggar kangé nanggoelang tradjangan P. P. P. B. — kala samanten P. P. P. B. gandeng lan S. I. — ladeng djaman setakungan gantosan. P. P. P. B. bibrah (20) — ladeng nitis dateng P. P. P. H. (P. P. P. Hindia). —

Oetoesan saking sanés panggénan nerangken dradjading kaeom berah — poenapa déne merangni pranatan - pranatan ingkang kirang adil ing dijagad pagantosan. Oepami: a. verhooging kok kaoendoer. b. T. W. be-zitters tjdjelike-waarneming mawi kaéksamen sipoa, déning Contr. pegantosan ingkang éstoënenipoen nginggil boten ngwontenaken pranatan. — Ing pegantosan mila katah pranatan ingkang anéh-anéh ingkang andados

Recept²

E
R
E
C
E
E

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.Adres jang
moerah

DJOKJA BANPOENG

Telt. 252 Telt. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran
Swara Tama

dapat POTONGAN.

AWAS!

AWAS!!

Regi mirah ing ngandap poenika:
Loodmenie, moerni tanpa ketjampoeran poenapa-poenapa,
kantoon, ngesaraken kēmawon:

Netto	10	5	2 ¹ / ₂	1	1 ¹ / ₂	kilo.
sa-blèg	6,—	3,20	1,75	0,75	0,40	roepijah.

Ijzermenie 85% ijzeroxide

Netto	10	5	2 ¹ / ₂	1	1 ¹ / ₂	kilo.
sa-blèg	5,—	2,70	1,50	0,65	0,35	roepijah.

Verffabriek R. B. FRIELING Djokja.
-- HOEKHUIS GONDHOMANAN — SAJIDAN --

Sampoen kasedijakaken
Papan pondokan kangge
laré èstri ingkang sekolah.

Sinaoenipoen dipoenoelat - oelataken
sarta dipointoentoen.

Wragad mondok lan neda:

f 15.—

HARDJADININGRAT.

GOENOENG - KETOER, PAKOEALAMAN,
NGAJOGJAKARTA.

TOKO DJOEN & CO.

TELEF. No. 374.

PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan,
wiwit sapoeniaka kita ngwontenaken persenan.
Sabon kantongan boeboek saking Djoen wonten
COUPON MAWI REGI.

Strana nglempakken
kantongan dalasan couponipoen,
para lengganan badé angsal pépénginanipoen.

Mangga énggal njobi moendoet!

Kita sedija:
JAVA KOFFIE No. 1 sa-pond f 1.—
ROBUSTA " 1 " " 0,80
" 2 " " 0,70

Tanggel tanpa tjampoeran.
Jén badé njatakken sadérèngipoen kopi mlebet
ing gilingan, kenging.

Atoer hoermat,

Toko Djoen & Co.

Sléman.

Sanadjan Sléman poenika namoeng
kita district, toer klebet sepi, éwa
samanten tjetahing pameloangan
kalebet katah, lan warni-warni, Pa-
meloangan ingkang mawi basa Wal-
andi kēmawon wonten 5 idji; inggih
poenika H. I. S. Trijasa 1. Schakel-
school Kth. 1. Schakelschool M. D.
1. H. I. S. M. D. 1. lan H. I. S. Har-
djoena 1. Sekolahsan sanésiroen
Ambachtschool lan angka II Goë-
permén njatoenggal, sekolahsan Ver-
volg Kth. inggih wonten 1.

Sekolahsan - sekolahsan 5 ingkang
dedasar basa Walandi waoe ing
wekdal sapoeniaka ingkang kalebet
soeboer namoeng H. I. S. Trijasa lan
R. K. Schakelschool, malah R. K.
Schakelschool sampoen ngedalaken
woh ingkang sapisanan, inggih poe-
niaka kala Juni 1931. Sanadjan boten
katah wohipoen, nanging sampoen
nglegakken lan damel marem.

R. K. Schakelschool Sléman poenika
boten angsal subsidie, dangoen-
ing pasinaon namoeng 4 taoen,laré ingkang tamat kala Juni 31 poe-
niaka wonten 19. Laré samanten wa-
oe ingkang angsal acite K. E. 4, dat-
eng M. U. L. O. klas I 1. Pams 3.
Kadaster 6. Europeesche Ambacht-
school 2 lan klebet dateng Verple-
ger Mil ter 1. Hara poenapa poenika
mboten nami nglegakken??
Boten badé bidal. Pengag-
ipoen wihera-Jésoewit ing Almeira
soeka soemerep, manawi para Jé-
soewit boten badé bidal, jén regeer-
ing dérèng soeka keterangan, ing-
kang maton, sababipoen noendoeng.

K. S. Bapa mrotest. Seratipoen
K. S. Bapa dateng Nuntius Aposto-
lik ngewrat protest sereng dateng
regeering anggénipoen kerep nge-
idak-idak wewenangipoen Pasamoe-
wan Soetji.

NÉM - NÉMAN ÈSTRI KATOELIK de-
monstratie. Kadòs déné ing sawa-
tawis kita sanès bawah kabiskopan
Utrecht, makaten oegi ing Arnhem
(Gelderland) kala Sept. sampoen di-
poenwontenakan ném - néman èstri
Katolik demonstratie. Ingkang toe-
moet wonten rara 2000 saking Ar-
nhem lan sakiteripoen. Nalika arak²an
langkoeng ing ngadjengipoen penga-
geng para ingkang sami nglempak
wonten ing podium, para rara sami
soeka tanda hoermat tjara Romein.
Arak²anipoen dipoen witi lan di-
pœnengkasi mawi Lof tri-prija.
Ma ném²an Katolik djalera èstrija
saweg dipoen-galih sanget ing pang-
genging Pasamoewan Soetji.

NÉM - NÉMAN ÈSTRI KATOELIK de-
monstratie. Kadòs déné ing sawa-
tawis kita sanès bawah kabiskopan
Utrecht, makaten oegi ing Arnhem
(Gelderland) kala Sept. sampoen di-
poenwontenakan ném - néman èstri
Katolik demonstratie. Ingkang toe-
moet wonten rara 2000 saking Ar-
nhem lan sakiteripoen. Nalika arak²an
langkoeng ing ngadjengipoen penga-
geng para ingkang sami nglempak
wonten ing podium, para rara sami
soeka tanda hoermat tjara Romein.
Arak²anipoen dipoen witi lan di-
pœnengkasi mawi Lof tri-prija.
Ma ném²an Katolik djalera èstrija
saweg dipoen-galih sanget ing pang-
genging Pasamoewan Soetji.

Petitionnement njoewak deda-
mel. Pasoewoena poenika, ingkang
wontenipoen saking ada - adapoen
pakempalan "De Nederl. Dagblad
pers," kala tg. 17 Sept. sampoen
loemados ing pangarsanipoen pa-
pasamoewan Volkenbond, Titu-
lescu. Ingkang nandani tangan
pasoewoena waoe, goengoeng
wonten: 2.438.908. Sadaja poenika
saking golongan warni-warni, lan
ingkang sampoen ngoemoer apesi-
ipoen 18 taoen. Ing Genève sami
tjingak.

AMÉRIKA - SARÉKAT.

Th. A. Edison ngadjal. Tg. 18
Okt. dipoenwartosaken saking Amé-
rika, jén Edison ngadjal. Margi sa-
king poenika djoeroe-manggih (uit-
vinder) kasoewoer soeda satoenggal.

Thomas Alva Edison lair ing
Mlan (Ohio) tg. 10 Pébroewari
1847. Bapa asli saking Negari
Wlandi, bijoengipoen saking bangsa
Schots (Ingris). Alitipoen dados laré
sadé koran wonten ing setasiao,
ladeng minggah-minggah, ngantos
mligi dados djoeroe-manggih. Sadaja
waoe margi saking wekel lan ta-
berianipoen pijambak (Korea), lan
ngabani wadya-bala miber sampoen

boekoe bab scheikunde lan remen
ngatik-ngatik saha tjobi-tjobi bab
prakawis natuur lan scheikunde.
Edison panggihanipoen boten kirang
saking 800. Ingkang misoewoer lan
maédahi sanget i. p. lampoe elec-
trisch, phonograaf, tilpon-battery,
microphoon lsp. Edison nalika ng-
djalipoen sampoen boten saged ébah
poerapa-poena.

Djagad techniek lan gampiling
gesang sesrawoengen kapotangan
katah dateng Thomas Alva Edison.

Lintoenipoen ngandel dateng Allah,
malah ngandel dateng toemita. Ing Amé-
rika-Sarékat ing poendi - poendi kaimanan-
ipoen ambleret, ing ngrikeo goegen-toehon-
ipoen andedel. Sadaja tjiang Amérika
"modern" sami medoekeun kepengin soemerep
poenaka ingkang badé kelampahan ing
bêndjing: srananipoen: radjah tangan, ron-
têh, ampas kopi. Doecken - doecken (waar-
zeggers lan waarrzegsters) sami riboet. Wonten
ing restaurant doecken sampoen tjoemawis,
wonten ing gedong bioscoop makaten oegi.
Ing New York tok arta ingkang kangge
me-dekoen satoena-taoenipoen telas: 5.000.000
dollar (1 Dollar: kl. f. 2,50). Professor-professor
lan réntjang-réntjang, kaem berah lan kaem
madijken sadaja sami toemoet-toemoet.

PARANGAKIK.

Tandon arta. Mitoeroet tjrijos-
ipoen Pierre Laval, primier Pa-
rangakik, wonten ing interview
kalijan Unitet Pres., negari saope-
nika gadah tandon arta langkoeng
saking: 59.000.000.000 Franc djené.

Wadya-balipioen. Manoet ka-
teranganipoen negari dateng Secre-
tariaat Volkenbond:

Wadya-bala daratan: 331.872
(wonten ing Parangakik pijambak
lan ing tanah djaduhan). Marine
(laoetan), tjiangipoen 57.129, ka-
palipoen goenggoeng 628.603 ton.
Wadya-bala awang-awang, tjiang-
ipoen: 40.508, dipoenesidjani motor-
miber: 1.210; ingkang kangge adjar:
637, lan tandonipoen: 310. Water-
vliegtug (motor saged miber lan
saged nglangi): 395, lan ingkang
kangge adjar: 71. Kadjawi poenika
taksih gadah baita miber: 3.

Begrooting wadya-bala kangge
1930 - '31 wonten: 8.655 mljoen
franc.

DJERMAN.

Angka-angka ingkang njoeme-
langaken. Mitoeroet "Prawda"
angsangsalanipoen parté commun-
ist ing Djerman ing dalem Dj-
noeari - Djoeni taoen poenika
kados makaten: "Warga énggal
langkoeng saking 40.000; propaganda
saja ageng; sawoelan - woelanipoen
njebaraken vlagschrif kirang lang-
koeng 800.000; tjiang communist
ingkang migoenakken sekolah
lan koersoes-ipoen parté ing taoen
kapengker poenika wonten 40.000.

Pamaréntah Brüning dipoen-
pitados. Rijksdag sampoen ngl-
dosaken motie tanda pitadosipoen
dateng pamaréntah énggal. Dados-
ipoen motie poenika mawi dipoen-
stem. Tjatjahing stem ingkang pro-
dateng motie, menangipoen boten
katah. Poenika ateges: pandamel-
anipoen Brüning boten badé tanpa
alanjan.

BRITTANIAH.

Rajda Inggris oegi ngirid. Primier In-
gris dipoenawoehi njowok 50.000 saking
oeranani poenaka taenan. Lan malih dipoen-
parangi pirsa, bilih poera sentana sadaja
inggih kapéngin kasoda blandjanipoen.
Prins van Wales, ingkang boten angsal
blandja saking nagari inggih ngoeroeni kas
nageri L. 10.000.

Kénging katémbak!

Anggénipoen Gandhi tilem. Daloe ing-
kang sapisan Gandhi anggénipoen tilem
namoeng wonten ing ndjobin, mawi kemel
dék wol satoenggal. Poenaka sateresipoen
inggih makaten, kilap. Kangge wonten Lon-
don, ingkang kerep kalimpoetan pedoet,
mangka sampoen mèh ngantik mangsa be-
diding, poenika boten nama sembranan. Jén
boten kaleresan saged andrawas.

Moempoeng taoen 1931 dè-
rèng poendat, mangga ing-
kang dèrèng, énggal ngin-
toena arta lengganan.

FIRMA - MERDEKA
WETAN STATION NGABÉAN
DJOKJAKARTA.

Soedah sedia bekas roemah:
tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi,
semoea bikinan dari Indonesia betoel,
barang baik harga pantas,
dan bisa beli dengan
huurkoop.

Djoega sedia toekang boeat bikin betoel bultzak bi-
sa didatangkan dimana tempat dan sedia
kain dari rami dan lain-lainna

Hormat Saia

Eigenaar: R. A. SASTRODIHARDJO.



Sampoen kasedijakaken
Papan pondokan kangge
laré èstri ingkang sekolah.

Sinaoenipoen dipoenoelat - oelataken
sarta dipointoentoen.

Wragad mondok lan neda:

f 15.—

HARDJADININGRAT.

GOENOENG - KETOER, PAKOEALAMAN,
NGAJOGJAKARTA.

Koela takèn: "Ajam pileren poe-
nika rak memangsan tegesipoen gan-
deng kalijan mangsa." Wangsoel-
anipoen toewan Dokter: "Tikoes
sakit pest makaten oegi. Ing mangsa
rendeng katah tjiang kaparag sakit
pest, margi tikoes-tikoes katah ing-
kang ndoewel wonten ing grija."

Koela takèn: "Ingkang kadjam-
pénan ngantos mantoen poenapa
katah?" Wangsoelanipoen: "Jén
pest paroe, temtoe pedjah, déné pest
oetjé? ingkang mantoen 25 percent."

Manawi tjiang sakit pest poenika
margi katoelaran sesakting tikoes,
mila sasaged-saged sampoen ngan-
tos tjalak - tjalak oetawi toenggil
grija kalijan tikoes